# Бжьамийм епщэныр

[ Адыгэбзэ – Circassian – شركسي ]

Мухьэммэд аль-Тууейджри
Ибрахим и къуэ

Зэзыдзэк1ар ик1и бзэ лъэныкъуэк1э еплъыжар:
Аматуллах Шэркэси

Шэрихьэт лъэныкъуэк1э еплъыжар:
Абу Мухьэммэд Шэркэси

# النفخ في الصور

محمد بن إبراهيم التويجري

ترجمة وتدقيق لغوي:
أمة الله الشركسي

مراجعة شرعية:
أبو محمد الشركسي

# Бжьамийм епщэныр

- Бжьамийр бжьакъуэщ зэпщэхэм хуэдэу, Алыхь Лъап1эу Лъагэм унафэ хуищ1ынущ Исрафил, гьэлейхи сэлям, япэрей епщэгъуэ епщэну а бжьамийм, аращ епщэгъуэ псэр 1узыхыр, абым уафэхэми щ1ыми щы1эу хъуам я псэхэр хихынущ Алыхьым къыригъэлахэм мыхъумэ къэмынэу. Ит1анэ ет1уанэу епщэну унафэ хуищ1ынущ, ар къэзыгъэхъуж епщэгъуэращ, Алыхьым къигъэхъуауэ хъуар къаплъэу къэувыжынущ.

**- Алыхьым къигъэхъуахэм я щытык1эхэр бжьамийм щепщэк1э:**

1) Алыхьым жи1ащ: ***«Къабгъэдэк1 абыхэм! Джак1уэр къаджэу ахэр зыщышынэм щришэл1эну махуэм я нап1эр къамы1этыфу псори я мащэхэм къипщыжынурэ, мац1эдзэм ещхьу джак1уэм идеж яунэт1ынущ. Джаурхэм жа1энущ: «Сыту махуэ хьэлъэ мыр!»*** (Аль-Къэмэр: 6-8).

2) Алыхьым жи1ащ: ***"Бжьамийм къепща нэужь, уафэхэми щ1ылъэми щы1эр, щыблэ зэуам хуэдэу, псори зэтриук1энущ, Алыхьым къихъумам ф1эк1а къэмынэу. Иужьк1э, ет1уанэу къыщепщэжк1э, псори къэтэджыжынущ къаплъэхэу".*** (Аз-Зумэр: 68).

3) Алыхьым жи1ащ: ***"Бжьамийм къызэрепщэу, ахэр я кхъэхэм къыщ1эк1ыжынурэ я Тхьэм деж яунэт1ынущ. Абыхэм жа1энущ: "Еууей мыгъуэ, хэт дыкъэзыгъэтэджыжар ди кхъэхэм?" (Мэлэ1ычхэм) къыжра1энущ: "Мыращ Тхьэм жыхуи1ари, л1ык1уэхэм къагъэнахуэри".*** (Йасин: 51-52).

4) Алыхьым жи1ащ: ***"Бжьамийм къыщепщэну махуэм фэ гупгупу фыкъытхуэк1уэжынущ. Уафэр зэ1уихынурэ куэбжэ хъунущ".*** (Нэбэ1: 18-19).

**- Епщэгъуит1ым яку дэлъ уахътэр:**

Абу Хурейрэ, Алыхьыр аразы хуэхъу, жи1ащ: *"Бегъымбарым, Алыхьым и сэлятымрэ и сэлямымрэ зылъысын, жи1ащ: "Епщэгъуит1ым яку пл1ыщ1 дэлъщ". Жа1ащ: "Уэ Абу Хурейрэ, махуэ пл1ыщ1?" Жи1ащ: "Сщ1экъым". Жа1ащ: "Мазэ пл1ыщ1?" Жи1ащ: "Сщ1экъым". Жа1ащ: "Илъэс пл1ыщ1?" Жи1ащ: "Сщ1экъым".* Шейхъит1ым къа1уэтэжащ[1].

---

[1] Бухъари (4935), Муслим (2955).

**- Сыхьэтыр къыщысынур:**

1) Абу Хурейрэ, Алыхьыр аразы хуэхъу, жи1эжащ: *«Бегъымбарым, Алыхьым и сэлятымрэ и сэлямымрэ зылъысыным, жи1ащ: «Бжьамийм епщэныр и пщэ зэрыдалъхьэрэ, абым епщэр Гьэршым и лъэныкъуэк1э маплъэр тешыныхьу епщэну унафэ къыхуащ1ынк1э и плъэныр щимыгъэтыж щ1ык1э, абым и нит1ыр нурыр къызпих вагъуит1ым хуэдэщ».* Къэзы1уэтэжар Аль-Хьаким[2].

2) Абу Хурейрэ, Алыхьыр аразы хуэхъу, иджыри къи1уэтэжащ: *«Бегъымбарым, Алыхьым и сэлятымрэ и сэлямымрэ зылъысыным, жи1ащ: «Махуэм я нэхъыф1 дыдэу дыгъэр къызщхьэщытэджар мерэм махуэращ, а махуэм 1эдэм къигъэхъуащ, а махуэм жэнэтми иригъэхьащ, а махуэми къыригъэк1ащ, Къемэт махуэри мерэм махуэращ къыщыхъунур».* Муслим къи1уэтэжащ[3].

[2] Сэхьихьщ, Аль-Хьаким (8676), еплъ «Ас-Сильсиля Ас-Сэхьихьэ» (1078).
[3] Муслим (854).